



## COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS

### *Depatman sou aksidan endistriyèl*

M.G.L. c. 152, §48

## **Bwochi sou yon grenn peman**

### **Ki sa yo rele yon grenn peman ?**

Yon grenn peman se yon kontra ant oumenm, konpayi travay la (si genyen) ak konpayi asirans pou aksidan nan travay la. Yon grenn peman sa a ranplase chèk benefis ou resevwa chak semèn, e li pafwa ka ranplase kèk lòt benefis. Jij ki nan pwosè grenn peman an deside si grenn peman sa a yon bon solisyon pou ou.

### **Èske m pou m chwazi resevwa yon grenn peman ?**

Fòk ou reflechi sou valè grenn peman an gen kounye la parapò ak benefis posib. Si aksidan w lan te **FÈT 1 NOVANM 1986 OUBYEN APRÈ**, ou renonse tout dwa pou w resevwa benefis pa semèn, men lè konpayi asirans lan dakò li responsab pou peman yo, oubyen yon jij mande pou konpayi asirans lan peye benefis, konpayi asirans lan ap peye pou benefis medikal ak reyadaptasyon pwofesyonèl ou nan lavni. Konpayi asirans lan gen dwa pou l diskite bòdwo medikal nan lavni anvan, epi aprè, grenn peman an.

### **Èske si mwen siyen kontra genn peman an vle di mwen pèdi travay mwen ?**

Konpayi travay la pa ka di w ou pa ka tounen travay si w siyen kontra pou grenn peman an. Siyati w sou yon kontra grenn peman pa ka anpeche w :

- Kenbe travay ou ak konpayi travay la nan adrès kote w fè aksidan an ;
- Jwenn lòt travay lòt kote ;
- Resevwa benefis konpayi travay la dwe w ;
- Gen lòt reklamasyon nan asirans pou aksidan nan travay pi devan pou aksidan oubyen maladi nan travay ; oubyen
- Fè lòt reklamasyon poutèt move revokasyon oubyen enfraksyon yon kontra.

Sipozisyon ke yon anlwaye ki aksepte yon grenn peman pa gen dwa tounen travay

pou menm konpayi travay la kontinye pandan yon mwa pou chak \$1 500,00 ki nan grenn peman an. [Kidonk, si w rezoud reklamasyon w lan pou \$6 000,00, sipozisyon di se pou w tann 4 mwa anvan w tounen nan travay la.] Anplwaye a pa gen okenn dwa pou l tounen nan travay la dapre M.G.L. c. 152 pandan peryòd « sipozisyon » sa a.

Yon anplwaye ki pa tounen travay pou menm konpayi travay la ka tounen travay, lòt kote, tousuit.

Yon konpayi travay, konpayi asirans, epi/oubyen avoka ki eseye fè w siyen nenpòt dokiman ki lòt enòmasyon, ap gen pou l peye yon amann \$10 000,00, e kontra sa a, swa jeneral oubyen presi, ap konsidere nil epi ap anile.

### **Èske konpayi travay la gen pou l aksepte mwen resevwa yon grenn peman ?**

An jeneral, konpayi travay la gen pou la aksepte ou resevwa yon grenn peman. Nan sitiyasyon kote otorizasyon konpayi travay la enpòtan, men li pa dakò pou w resevwa yon grenn peman, ou p ap resevwa grenn peman an. W ap kontinye resevwa benefis pa semèn, si se sa w ap resevwa.

### **Èske sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl la ap enfluyanse grenn peman an ?**

Si w ap resevwa kounye la sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl, grenn peman an p ap otorize sofsi youn nan kondisyon sa yo satisfè :

- Gen omwen 6 mwa depi w tounen nan travay ;
- Ou satisfè pwogram reyadaptasyon pwofesyonèl otorize a ;
- Ou resevwa otorizasyon alekri OEVR ;
- Yon jij chanje nenpòt nan obligasyon sa yo aprè lèt epi chitatande apwopriye.

Fòk ou antre nan yon pwogram reyadaptasyon nan lespas 104 semèn apre otorizasyon grenn peman ou an, oubyen ou pèdi w pou li. Si w bezwen plis enfòmasyon sou sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl la, tanpri se pou w rele biwo reyadaptasyon pwofesyonèl ak edikasyon nou an.

### **Èske yon kontra pou yon grenn peman rezoud reklamasyon an ?**

Wi. Yon grenn peman ranplase tout peman nan lavni pou aksidan oubyen maladi sa a.

### **Ki jan grenn peman an aji sou lòt reklamasyon mwen genyen ?**

Yon grenn peman **PA** aji sou okenn lòt aksyon oubyen jijman pou okenn lòt aksidan oubyen maladi separe epi diferan, kèlkeswa si aksidan oubyen maladi a te rive anvan oubyen aprè dat ka a rezoud, e kèlkeswa konpayi asirans lan oubyen konpayi travay la ye.

### **Ki kantite nan grenn peman mwen resevwa a avoka a ap touche ?**

Frè avoka a 20% kote konpayi asirans lan aksepte responsablite, oubyen kote responsablite a tabli dapre depatman an ; frè avoka a 15% kote responsablite pa aksepte oubyen pa tabli.

**Note byen :** Yon avoka pa ka touche oken frè sou yon pèt fonksyon pèmanan epi/oubyen sou sikatris.

## **Sou ki sa pou m reflechi lè m ap detèminen si m pou resevwa yon grenn peman pou ka mwen an ?**

- Èske w ka tounen travay ?
- Èske w gen pwoblèm medikal, ki pa rezoud, poutèt aksidan oubyen maladi a ?
- Ki jan solisyon ka ap aji sou bòdwo medikal mwen pou aksidan oubyen maladi a ?
- Èske w ap ka bay prèv ki di aksidan oubyen maladi ou an asosye ak travay la ?
- Konbyen w touche kounye la, si w ap travay ?
- Ki depans ou genyen ?
- Èske solisyon ka a ap aji sou dwa retrèt/pansyon mwen si m pa tounen travay ?
- Si w gen yon reklamasyon pou twazyèm kan nan reklamasyon nan asirans pou aksidan nan travay ou a, pale ak avoka a pou wè si l ap aji sou grenn peman an.

**Note byen :** « Si gen yon kan ki mande otorizasyon (pou yon grenn peman) yon jij administratif oubyen jij lwa administratif anvan klasman kontra a ak depatman an, kontra grenn peman an p ap fini jiskaske jij administratif la oubyen jij lwa administratif la bay otorizasyon li kote « *l ap nan pi bon enterè moun k ap fè reklamasyon an* ». M.G.L. c. 152, sec. 48 (1).

**Kesyon ?** Tanpri ale an sit entènèt nou an [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia) oubyen rele biwo enfòmasyon piblik la nan (857) 321-7470 oubyen rele gratis, si w andedan Massachusetts nan (800) 323-3249. #TDD (pou moun soud oubyen ki gen difikilte pou tande) nan (800) 224-6196.